ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Advanced Level

LITERATURE IN SHONA 6007/1

PAPER 1: Comment and appreciation and Indigenous knowledge Systems

SPECIMEN PAPER 2018 3 hours

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa matatu

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **neChiShona**.

Pindura mibvunzo **mitatu** yose pamwe chete.

Pindura mibvunzo **miviri** kubva muChikamu A ne**mumwe chete** kubva muChikamu B.

Cherechedza rayiro dziri pamubvunzo woga woga.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji gumi nemaviri asina kunyorwa.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, Specimen paper.

©ZIMSEC Specimen paper

[Enda kuseri

Chikamu A: ONGORORO NEYEMURO

Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

1 Ongorora nhetembo inotevera ugonyatsotsanangura nzira dzakashandiswa kuburitsa pachena nhamo dziri kusangana nanyanduri uyu. [35]

Maiwe-e nhandiwe rufu!
Zvawakanditorera wangu ndotamba rupiko?
Newe ungafara here uchiona kutambudzika kwangu?
Munyika muno ndichava waaniko?

Kutarisika kwangu i-i-i, kunopa tsitsi,
Musoro isengende nenhamo,
Dumbu rinorembera sembwa yava namauta
Iwo makumbo hawo, ungasati midonzvo yanhamo

Maiwe-e-, hapano pakudya.
Zvokudya ndinowana zvasiyiwa nembwa nemapete
Mvura ndinopiwa muchainga sekatsi.
"Doona kudya kwaro," vanongunokwenyana.
Hama, nherera inodembwa nomucheche wese.

Pandinofamba vanondiseka.
Vanoda kugara vachiona chisekeso chavo.
Apo ndofamba nevana vavo ndinoteerera
Zvese zvavanoreva nezvavanoda.
Kuti wavo andikanganisira, ini vanondirova.
Pamadziro kwati, musoro padivi 'tsvenda,
Misodzi puruvuru kuchema.
Mai nhiya vangu muchanyaradzwa nani?

Baba vanhiyawe-e-e, hapano pakuvata,
Hope dzikati dzabata baba vangu imi
Mumadota nehuruva musoro wangu nomuviri zvirere
Chokufuka chikati vamba nditambe
Ndovata sebarwe

Apo ndokotsira vanondidira mvura ina makoko
Vavo vana pavanokotsira pamwe chete neni,
Vanovaradzika nokuvafukidza machira,
Ini vachindipa saga rapachitsiko chapamukova
I-i-, hama, nhamo haidari
Dai mai vangu vari vapenyu zvaidari?
Shu-u-u urombo hahudai mai vangu we-e-e.

Kunun'unu, musoro kapa kapa.
Apo ndirere ndofunga urombe hwakauya, seiko?
Nhandiwe-e-e! Hama, rufu bodo

Hi-i-, rwakandiwozhera nhasi uno kwete
Ko, upenyu hwavakandisiyira hunobatsireiko?
Dai vaimutswa handaizavamutsa?
Dai vaizviona havaizandibatsira?

Apo, ndinoreva unonzwa voti,
"Ihi-i-i, ndinoruputsa," vanongunotaurirana,
"Ngaruchibva pano tione kwarwunoenda.
Rurombe rwapedza kuputsa dzihari dzavanhu ruchiba"
Kwesva kwesva, pamadziro kwati zi-i-,
Misodzi puruvuru kuchema
Wonzwa voti, "Ndini ndakati mai ngavafe?"
Kudada kwavagere havo vasati vamboiona nhamo
Pfiku pfiku kuchema chimusoro chiri padivi,
Ndinofungawo mai vangu-u-u-u---

(Nhetembo ya I.T.G.Mzondo kubva mubhuku Nhetembo pp.213 – 214 Mambo Press (1972) Gweru.

2 Ongorora nyaya uburitse makakatanwa arimo nezviri kumakonzera semaburitsirwo azviri kuitwa nemutauriro uye maitiro evatambi.

'Ndauya ndoga. Ndinoda kunzwa maurayire amakaita baba vangu Pfupajena, uye kuti makavavigepi?' Murovasango akapedzisira kutaura nemisodzi ichimokoteka pamatama ake zvokuti kana iye Masango akamunzwira urombo ndokubva ati, 'Pano ndopako chaipo mwanangu. Wasvika pamusha pako. Fara zvako.'

'Musha wangu wei? Ndingafara sei imi makauraya baba vangu nomukoma wangu nehama dzangu?' Akatanga kuti pfiko pfiko kuchema zvekuti vose vaiva padarepo vakamunzwira urombo.

'Dzatove shungu idzo weMhazi. Chimbonyarara ndikutaurire zvose zvakaitika ugozotaurawo zvose zvaunoda. Baba vako, hongu vakafa pahondo yakaitika pano yokurwira ushe. Sezvaunoziva kuti panogadzwa ushe panonetsa, panowanzorwiwa nokuurayanwa. Ndizvo zvakaitikawo pano. Asi iwe unoyeuka, kuti makauya zviya gore rapera paseri iro nababa vako muchizochema She Magen'a, tikakugamuchirai zvakanakisa kwazvo. Unozviyeuka?'

'E-e, ndinozviyeuka,' akadaro achiringisa nzeve dzaMasango.
'Zvino chakauya ndechakauya, hazvinzi mwana wehama wavingei. Ndikutaurire mwanangu pachena kuti ugorega kuramba uine shungu. Nyaya youshe ine ngozi huru kwazvo, uye inokonzera daka nehama mutorwa aripo.

'Akatanga mukoma wangu Nyakanyaka akaurawa nemhuri yake yose afutwa naTawanda. Nyakanyaka mukoma wangu, unomuziva?'
'E-e, ndinomuziva.'

'Saka ndiye akavingwa pakati pousiku ndokuurawa naTawanda uyo aigara pedyo nokumusoro kwaNgezi uko. Saka akabva abvuta ushe kwekanguvana.
'Kupedzezvo ini ndakanorwisa Tawanda ndokubva apunyuka. Asi mwana wake ainzi Tobayirwaushe navamwe vakawanda vakafa muhondo iyoyo. Izvi zvaitika, mwana wangu Tarwiraushe akakanganisana nababa vako avo vatakanga tadana kuzotamba nyaya youshe. Ndipo pakaita hondo yakauraya baba vako nomukoma wako Tichatonga navamwe vose. Kana iniwo ndakarozvwa zvikuru kwazvo nokuti iye Tarwiraushe dangwe rangu akabva aurayiwawo. Uku ndiko kufa kwakaita baba vako. Asi Pfupajena neni takanga tichiwirirana kwazvo asi hondo yakazoitika yakanga yatangwa navana.'

Kureva nhema kunenge kunonakidza chokwadi. Masango akataura nhema achida kuti anyaradze Murovasango. Zvino Masango akabva ati, 'Ndiyo nyaya yose yawavhunza weMhazi. Chirega chinya. Iniwo ndanga ndiri kuchema dangwe rangu Tarwiraushe. Saka zvose izvo zvakatopfuura. Ndino urombo nokufa kwababa vako, mukoma wangu, uye nokuuya woga uchitambudzika kuzovhunza kufa kwababa vako. Kana uchida kugara unogara kuno, wonotora vamwe vose vakasarako kwaGutu tokupai pokugara kuno kuhama dzenyu.'

'Ko, imba yababa vangu zvairiyo huru yokutanga, yenyu iri yechitattu, zvino makatorazve ushe modzokorora kuhugara, ko, imba yababa vangu yozohugara riini?

'Ushe madzoro, hunoravanwa, weMhazi. Kana mauya mukazogara uno kwaChirimuhanzu unozohugarawo, weMhazi. Hingati wakashinga wani?'
'Ndazvinzwa hangu. Mwoyo wangu waita sokuti nyevenuke. Ko, chitunha chababa vangu nezvavamwe vavo makazvikanda papi?'

'Kukutaurira chokwadi, zvitunha zvavo zvakakandwa muGonawapotera. Sezvaunoziva kuti kana pamusha pamuka hondo, vanhu vose vanenge vabatwa neshungu.'

'Ko mwana wenyu Tarwiraushe navamwe vake vakafa, vakakandwawo here muGonawapotera?'

"Tarwiraushe navamwe vake vakafa havana kukandwa muGonawapotera, sokuti pano pamusha pavo, saka takavaviga zvakanaka.'

'Heya nhai. Asi ini ndava kuenda kunotsvaka baba vangu muGonawapotera ndigovigawo mapfupa avo zvakanaka mugomo iro Chandarwarira, kana kuti ndotakura mapfupa acho ndonoavigira kwaGutu.'

'Une shungu mwanangu, ndazviona. Chirega zveshungu. Chibata mwoyo uzvidzore somurume. MuGonawapotera maunoreva hamupindwi nomunhu akabuda ari mupenyu. Dziva iroro rinoera zvikurukuru. Rinonzi Chirozvamavinamauya.'

'Asi ndava kunopindamo nditsvake mapfupa ababa vangu izvozvi,' akataura achisimuka kuti aende kuGonawapotera.

'Mugadzaushe, mubatei mwana uyu ane shungu, uye angazonofiramo ikava imwe ngozi.'

Mugadzaushe naRashamira vakamubata ndokubva vati, 'Baba, mujaya uyu atishamisa nhasi mangwanani. Apinda mu Gonawapotera isu tiripo tichiona, akabuda nedehenya romusoro akatibvunza kuti ndiro dehenya romusoro wababa vake here. Isu tati hatizivi nokuti muGonawapotera makaurayirwa vanhu vakawanda kwazvo.'

'Wati kudii Mugadza, wati aita sei, apinda muGonawapotera chaimo here muChamanyenyedzi?'

'Hongu baba, apinda akanyura pasi kwechinguva akazoti tumbudzuku nedivi rouno kumavirira. Tikamuti uya uno kwatiri, akashambira zvakare.'

A, a, a, babangu Shumba! Hingati nyika yapinduka. Ko, mazinyoka, arimo haana kukuruma?'

'Nhamo hadziiti mbiri. Ndangosangana nawo achindinanaira achinge mazihunga kana mazinyoka asi hapana chaandiita.'

'Ndakuona uri n'anga, weMhazi, nokuti hapana munhu anoshinga kupinda muGonawapotera nokuti rinoera kupinda zvimwe zvose zvinoera muno maChirimuhanzu.'

'Handizi n'anga, ndiri kuchema baba vangu chete. Nhamo hadziiti mbiri, asi kana vari kumhepo vakatsamwa.'

'Ndazviona mwana washe. Kana usiri n'anga bva wakagarwa naChipeperekwa asingarovi, anongopepereka ari mumhepo imomu. Icho chinombokudariso kurova sango wega usingatyi uchibva kwaGutu nousiku chii? Asiri iye Chipeperekwa gombwe redu?

'Zvino chiona, weMhazi, chirega chinya. Zvokuchapinda muGonawapotera uchitsvaka kuunganidza mapfupa ababa vako wochikanganwa nokuti muGonawapotera muzere namapfupa avanhu vakasiyana-siyana vakakandwamo kare kare, saka haungazivi kuti mapfupa ababa vako naamadzikoma ako ndaapi.

'Kana uchida kumbogara uno gara hako, ndinokuchengeta pasina chinokuwana. Unenge uchitaridzwa nzvimbo dzakasiyana dzamadzitateguru ako. Kana woda kuenda kumusha kwako wondiudza ndokupa vaperekedzi vanokusvitsa kuna Pokoteke, kana kuna Mutirikwi, kana kuGona chaiko kwaGutu wozopfuura wega kwaChitsa.'

'Zvakanaka, ndinotenda nezvamataura. Shungu dzangu dzaserera nokuti manditaurira zvokufa kwababa vangu. Saka ndombogara hangu uno ndichiona nyika yamadzitateguru.'

Zvakanaka, mwanangu, wemhazi, zvehondo zvose chikanganwa. Pano ndopako chaipo. Uchataridzwa nzvimbo dzakasiyana-siyana namadzikoma navanun'una vako.

'Rashamira, dana vanamai vako kumba uko vazoona mwana wavo uyu Murovasango vagomubikira sadza. Rashamira akasimuka ndokunodana vanamai vake kuti vauye padare vazoona Murovasango.

Kubva muna Gonawapotera I.M Zvarevashe (1978) College Press. Peji 78 – 82.

3 Nyora ongororo yechitambo chinotevera uchiratidza kuti munyori anoburitsa sei nyaya dzirimo.

Usiku hwekare, huku dzinonzwikwa kurira. Chiedza chinovheneka pahwindo pakamira Shiela ari mumbasha dzokurara nadzo. Akatarisa panze. Panombopera kanguva akadaro. Pava paya sasa repabhedhuru rinozaruka. Chiedzazve pana Tafi amire pamusuwo.

TAFI Mai Joe! Mai Joe!
(Shiela anoramba amire pahwindo. Haapinduri. Tafi anofamba achienda kwaari. Anosvikomira padivi paShiela. Hamusi kundinzwa here mai Joe? (Sheila anoramba anyerere.) Usandidarowozve mumwe wangu. (Runyararo)
Sheila kana paine chandakakutadzira kutaurirana kwakanaka. Kwete kungoti tunduma sezvinonzi uri chimumumu. Kana usingandiudzi unoti ndingafembere here? (Runyararo. Tafi anobata bendekete raShiela.) Chiuyai muzovata. (Sheila anovhizura ruoko rwaTafi obva pahwindo. Anosvikomira pamberi pamasofa. Tafi anosara amire pahwindo.) Handifungi kuti kutadza kutaura kana ndichiti zvibate somunhu mukuru pamberi pavana vedu. Kana vachinzwa tichitaurirana mabhambu akadai unoti vanofungei nesu?

SHEILA Vana ndivo vauine basa navoka chete. Ko, ini?

TAFI Sheila, fungawo somunhu mukuru. Ndinozviziva kuti rudo rwakatadzawo kubvira sezvinoita rwavamwe, asika tatochembedzana izvozvi. Ngatichingoshingirirai tichipedza basa redu. Inga ndakakuudza wani Kate achiri mudiki kuti ukanzwazve ndichikutuka kana kukurova undibvunze? Handiti kwaiva kuziva kuti takura? Imbofungawo machewe. Hatisi kudzokera paupwere. Makore makumi maviri tiri tose haasi okutamba nawo. Kana toonekwa nenyika torambana iye zvino unoti vanhu vanofungei?

SHIELA Kuti takambenge takadana here? Iye zvino uri kutya kuti vana vanofungei nesu. Vana vapi vaunotaura? Chii chavasingazivi? Zuva nezuva vanongozviona kuti tiri kungomakidzira zvinhu zvakaramba kare kare. Taura zvako zvimwe, kwete zvokuti tinodanana.

TAFI (Anobva pahwindo osvikomira padyo naShiela.) Sheila handina kuita zvokukubata chibharo pandakakuroora. Dai ndakanga ndisingakudi ndingadai, ndakakuramba pawakandiudza kuti wava napamuviri paJoe uyu.

SHIELA (Achisekera svoto) Kunyepa ndiko kuneiko. Chawaida vana chete, kwete ini. Hauna kumbofa wakandida iwe. Unoti ndiri pwere nhai?

TAFI (Achindomira pahwindo akatarisa Sheila.) Ndaikuda, Sheila. Kwenguva refu ndakaedza kuti ndikuratidze rudo rwangu asi iwe wakanga usingazvioni. Waidawo zvimwe zvinhu zvakasiyana neni.

SHEILA Ukati chinonzi rudo unochiziva iwe? Dai waichiziva handifungi kuti ungadai wakaramba mukadzi wako wokutanga napamusana pokushaya mbereko. Dai waindida handifungi kuti waindirova nekunditukа zvawaiita zvose zviya. Wakandiroorera kuti ndikuitire vana chete. Waida kuzovhairira hama dzako dzakanga dzokuseka kuti hauzvari. Waida kunyadza baba vako vakanga vakudzinga pamusha napamusana peshanje negodo zvapamusha penyu. Handiti waiti ukavaitira vana vaizobva vakutambira vachiti dangwe ravo rakavaitira vazukuru?

TAFI (Achiswederera kumudzimai) Sheila, hazvisi izvo zvandakakuroorera.

SHEILA (Achitendeukira kwaari nehasha) Hazvisi izvo asi zvipi? Dai waindida ungadai waindimanikidza kuti ndinogara pamusha penyu pawaiziva kuti hapana ani wako kunze kwababa vako navakadzi vavo vadiki here? Tafi ... unoti zvose zvaunotaura ndinenge ndisinganzwi kuti uri kurevei nhai?

TAFI Sheila, handifungi kuti unonyatsondiziva zvandiri.

SHEILA Heya handikuzivi nhai? Kubva zvakanaka. (Anotendeukira kumadziro zvakare. Tafi anosvika paari.)

TAFI Sheila, ndaifunga kuti uri munhu akadzidza, munhu anonzwisisa. Ndaifunga kuti semunhu akakurira mutsika dzedu, ungakwanise kuona paiva neshungu dzangu. Asi ndiri kuona kuti ndakakanganisa.

Ndaifunga kuti tingavake musha weduwo wataizo-
dada nawo asi ndiri kuona kuti hazvichazombofi
zvakaitika kana ukaramba uine pfungwa dzako
idzodzi dzokuti zvandinotaura wozvipindura.

SHIELA Asi iwe ndiwe usingapinduridziri zvandinotaura nhai?
Ndakakuti ini zvinhu zvachinja, dai tamborega
kuchaita vamwe vana mushure maLucy, ukanditi
ndiri kuda kudzikisira zita rako neChirungu
chokunzwa mubhazi.

Ndakakuti dai wandirega ndadzidza kana kutsvaga
basa tibatsirane ukanditi ndava kuda kutsvaga
zvikomba. Chii chandakaitawo pano ukanditenda?
Iye zvino vana ava uri kuti ndiri kuvadzidzisa zvisizvo.
Uri kuti ndiri kuda kukutonga pano.

Chako Tafi haudi kukundwa kana kukoneswa.
Unoda kuti tose navana pano tigwagwadze kana
tichikuona. Unoda ku-ku-ku- Tafi! (*Anonyarara
ochema. Tafi anomutarisa, odzokera pahwindo
paanondomira akatarisa panze.*)

TAFI Sheila, kana ndakaita zvose zvaunoti ndakaita izvi
kubva ndakatadza. Chete ndinoda kuti uzive kuti
ndaida kuti mhuri yedu igare zvakanaka.

(Kubva mumutambo inongova Njakenjake pp. 21 – 23 naCharles Mungoshi (1980) Longman Zimbabwe)

Chikamu B: Indigenous Knowledge Systems

Pindura mubvunzo **mumwe chete** muchikamu chino.

4 **Zvarevashe, I.M:** *Tsumo, zvirevo zveChimbo namadimikira.*

Kubva muZvirevo zveChimbo zviri mubhuku tsanangura zvaitsoropodzwa naVaShona pamusoro pemhirizhonga mudzimba. [30]

5 **Hodza, A. C.:** *Ngano dzamatambidzanwa*

Tsanangura zvikonzero zvitanhatu zvaiita kuti vanhu vanyengedzwe semaburitsirwe azvinoitwa mungano nhanhatu dziri mubhuku Ngano Dzamatambidzanwa. [30]

6 **Gombe, J. M.:** *Tsika DzaVaShona*

Tsanangura kukosha kwedare/mutsika namagariro aVaShona, vaRungu vasati vauya uye kuti nemhaka yei kukosha uku kusisina mukana munguva yazvino. [30]

BLANK PAGE

BLANK PAGE